Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

# Гумбет

Гумбет районалъул газета

www.mo-gumbet.ru

Газета бахъизе байбихьана 1952 с.



№ 27 (6863) 10 июль 2023 с. Итни ЗулхIижа 1444 с. Багьа - эркенаб

ЦIАЛЕ, ЦIАЛЕ, ДИР ЦIОДОР

## ЦIаналъ – цIалул церехъабазул данделъи

### Спортсменалги кIодо гьаруна

**2023-абилеб соналъул 5-абилеб июлалда Бакълъул районалъул ЦIаналъ росулъ тIобитIана муниципалитеталъул цIалул церехъабазул данделъи. Тадбиралда кIодо гьаруна къогоялдасаги цIикIкIун выпускник. Тадбир рагьулаго, бакълъулазул нухмалъулев Гьалип Гьалиповас баян гьабуна лъайкьей цебетIезабиялде кIвар буссинабиялъул бугеб пайдаялъул, бицана районалда гIумруялде рахъинарулел федералиял, республикаялъулал проектазул.**

Бакълъулазул мухъалъул бетIерасул рагIабазда рекъон, 2022-абилеб соналда лъабго школа къачIана, 2023-абилеб соналда анцIила цо школалъе капиталияб ремонт гьабиялъул программаялъулъ гIахьаллъизе рес щвана. ЦIалул цIалул рагьилелде ЦIияб Аргъвани росулъ бараб школа рагьизе буго.

Данделъиялда кIалъазе рахъана Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул лъайкьеялъул ва гIелмабазул Комитеталъул нухмалъулесул заместитель ГIабдулвахIид Лабазанов, ДФИЦ РАНалъул отделалъул нухмалъулев, гIелмабазул кандидат МухIамад МухIамадов. ДРялъул Минобрнаукаялъул гIаммаб лъайкьей цебетIеялъул Управлениялъул консультант, Бакълъул районалъул куратор Барият ХIажиева, сахаватчагIи БатIал БатIалов, Шарип Шихмирзаев, Каримула МухIамадтIагьиров ва цогидал.

Тадбиралда гьединго кIодо гьаруна республикаялъул ва бакIалъулал къецазда лъикIал хIасилал рихьизарурал спортсменал. ХIурматалъул грамотаби ва гIарцулал сайгъатал кьуна ТIолгороссиялъул «Расул ХIамзатов лъималазул бераздалъун» абураб акциялда бергьарай Асият МухIамадрасуловалъе (Гъоркь Инхо), республикаялъул рахьдал мацIалда Расул ХIамзатовасул кучIдул рициналъул къецалда тIоцебесеб бакI босарай ПатIимат АхIмаднабиевалъе (МелъелтIа), гIолилазда гьоркьор тIоритIарал эркенаб гугариялъул къецазулъ призовияб бакI ккурав МухIамад ГIабдулгъаниевасе (Гъоркь Инхо), МугIрузулаб рахъалъул гIолилазда гьоркьор тIоритIарал волейболалъул къецазулъ бергьенлъи ва призовиял бакIал росаразе.

ЦIали тIокIлъиялда лъугIизабуразулхIурматалда тIобитIараб тадбир унго-унгояб байрам гIадин ана. Районалъул маданияталъул хIалтIухъабазул художествиял церерахъиназ лъикIаб асар гьабуна гьенир гIахьаллъаразе. Данделъиялъул гIахьалчагIазе чIезабун букIана квенги. ЦIалдохъабазул умумуз баркала загьир гьабуна муниципалитеталъул тIалъиялъе гьабураб лъикIаб бербалагьиялъухъ ва кумекалъухъ.

**«Гумбет» РИО**



НОМЕРАЛДА РУГО:



**«Ниж заманаялъ тIаса рищана»**

- 2 - гьум.



**МелъелтIаса Шамил Лабазанов – заман щвелелдего подполковник**

- 2 гьум.



**СВОялдаса вачIарав ХIажимухIамад Шапиевасулгун хIурмат-къадрурияб дандчIвай гьабуна килдерица**

- 2 гьум.



**КIиго эбел йиго духъ ралагьун чIун**

- 3 гьум.

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

# Школазда капиталияб ремонт гьаби...

**Араб анкьалъул талат къоялъ Бакълъулазул бетIер Гъалип Гъалиповасул нухмалъиялда федералиял, республикаялъулал проектал нухдаинаризе биччараб гIарац жиндир заманалда хIалтIизабиялъул суалал гьоркьор лъураб данделъи тIобитIана. Гьенир гIахьаллъи гьабуна районалъул хIаракатчагIаз.**



Тадбиралда гьединго рорхана спецоперациялъул гIахьалчагIазе ва гьезул хъизаназе кумек гьабиялъул, медициналъул, лъайкьеялъул ва гь. ц. рахъал лъикIлъизариялъул суалал.

«Улкаялда гIумруялде рахъинарулел руго батIи-батIиял проектал. Гьезулъ гIахьаллъи гьабиялда бараб буго лъайкьеялъул, сахлъи цIуниялъул ва цогидал рахъал церетIей. Бакълъулазул мухъалдаги нухдаинарулел руго анцI-анцI проектал. Гьел хIажат руго нилъее.

Бажарараб гьабизе ккола программаби, проектал нухдаинаризе биччараб гIарац жиндир заманалда хIалтIизабизе. Жавабчилъиялда щивас тIадал ишал тIуразаруни, хIалтIул хIасилал лъикIлъула. КIудияб рохел буго районалъул микьго школа исана къачIазе рес щвей. Гьел цIалул идарабазда капиталияб ремонт гьабиялъул хIалтIаби рагIалде рагIинаризе хIаракат бахъе»,- ян абуна Гъалип Гъалиповас.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

# УИКялъул вакилзабазе семинар тIобитIана

**2023-абилеб соналъул 5-абилеб июлалда районалъул администрациялъул дандеруссиназул кIалгIадухъ бакълъулазул рищиязулал комиссиязул гIахьалчагIазда малъа-хъваял гьариялъул семинар тIобитIана. Гьенир гIахьаллъи гьабуна ДРялъул рищиязул комиссиялъул гIахьалчи ХIажимурад НурмухIамадовас, районалъул ТИКялъул нухмалъулев МухIамадбег МухIидиновас ва цогидаз.**



№ 0275 УИКялъул нухмалъулев МухIамадкамил Нажуевас рищиялъул бюллетеназда хурхарал суалазда тIасан баянал гьаруна. Семинаралда гьединго халгьабуна, батIи-батIиял даражабазул рищиял тIоритIулаго, рищиязул комиссиязул хIалтIи гIуцIиялъул.

Данделъиялда гIахьаллъараз рорхарал суалазда тIасан жидерго пикраби загьир гьаруна, жиде-жидер хIалбихьиялъул бицана. Июль моцIалда жеги тIобитIизе буго гьединаб семинар.

**Макка МухIамадова**

ЧIАХЪАГИ МАГIАРУЛАЛ

# «Ниж заманаялъ тIаса рищана»

## Багьавудин МухIамадовасул тIехьалъул презентация

**Бакълъул мухъалда бугеб «ВоИн» ОООВИялъул нухмалъулев, Бакъулъ Гьара-**



**дирихъ росдал маданиябгун хIухьбахъиялъул централъул директор, Афгъаналъул рагъул гIахьалчи Багьавудин МухIамадовасул «Заманаялъ ниж тIаса рищана» абураб тIехьалъул презентация тIобитIана Кизилюрталда.**

Тадбиралда гIахьаллъи гьабуна Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул лъайкьеялъул ва гIелмабазул Комитеталъул нухмалъулесул заместитель ГIабдулвахIид Лабазановас, ДРялъул жамгIияб палатаялъул гIахьалчи МухIамадрасул Сулеймановас, «Народное ополчение 1999 г. “Интербригада”» ДРООялъул штабалъул нухмалъулев УхIума ГIабдулкъадировас, Афгъаналъул рагъул гIахьалчи ГIумарасхIаб Булатхановас ва цогидаз.

Бакълъул мухъалдаса афгъаналъулазул хIакъалъулъ тIехь тIоцебе къватIибе бачIана.



Тадбиралда гIахьаллъараз баркала загьир гьабуна Багьавудин МухIамадовасе захIматалъухъ.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ БАХIАРЗАЛ

# МелъелтIаса Шамил Лабазанов – заман щвелелдего подполковник

**Мотострелковияб батальоналъул командир, Бихьинчилъиялъул орденалъе, «Рагъулаб тIокIлъиялъухъ» медалалъе ва цогидал шапакъатазе мустахIикълъарав Бакълъул районалъул МелъелтIа росулъа Лабазанов Шамил Лабазановичасе СВОялда рагъулал масъалаби лъикI тIураралъухъ заман щвелелдего подполкникасул цIар щвана.**



Бакълъулазул нухмалъулев Гъалип Гъалиповас Шамил Лабазановасда баркана подполковникасул цIар кьей, гьарана гьесие щулияб сахлъи, сундулъго икъбал ва халатаб гIумру.

Бакълъул мухъалдаса рагъухъабаз къиматаб даражаялда борхулеб буго тIадаб налъи. АнцI-анцI ракьцоял мустахIикълъана тIадегIанал шапакъатазе. Бергьенлъигун тIадруссаги!

**«Гумбет» РИО**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# СВОялдаса вачIарав ХIажимухIамад Шапиевасулгун хIурмат-къадрияб дандчIвай гьабуна килдерица

**Гвардиялъул гьитIинав сержант, улкаялъул тIалабал лъикI тIуразе хIаракат бахъулезул цояв, Бакълъул районалъул Килалъ росулъа ХIажимухIамад Шапиев вачIана спецоперациялдаса отпускалъ. Рохалилаб дандчIвай гьесие гIуцIана районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас, рагъухъанасул хъизан-агьлуялъ, росуцояз.**



Рокъор ХIажимухIамадихъ ралагьун чIун рукIана лъагIелги микьго моцIги барав вас ХIисматула, хъизан Зайнаб Зайирбегова, эмен Аминдибир Шапиев, эбел Сакинат СалахIудинова. Шапиевазул хъизаналъ баркала загьир гьабулеб буго киналго росуцоязе лъикIаб бербалагьиялъухъ.

**«Гумбет» РИО**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# ЧIикьа МухIамад ХIамидов ва Ингишоса ХIажимурад Гъойтимиров – мисалиял аскариял

**Бакълъул мухъалъул гIолохъабаз къиматалда борхулеб буго Россиялъул армиялда рагъулаб борч. Улкаялъул ахIи къабул гьабиялъул мисаллъун руго нилъер ракьцоял.**



ГРАМОТА
НАГРАЖДАЕТСЯ
рядовой
ГОЙТИМИРОВ
ГАДЖИМУРАД АЙТИМИРОВИЧ

За образцовое исполнение воинского долга, плодотворный труд, усердие и примерную воинскую дисциплину, проявленные при выполнении служебных обязанностей во время прохождения военной службы по призыву.

Выражаю уверенность, что Вы и впредь будете примером добросовестного исполнения гражданского долга и благотворно служить нашему Отечеству.

ВРЕМЕННО ИСПОЛНЯЮЩИЙ ОБЯЗАННОСТИ КОМАНДИРА 30 ОТДЕЛЬНОГО РАЗВЕДЫВАТЕЛЬНОГО БАТАЛЬОНА
майор С. А. Паньков
«20» мая 2023 г.

**(Ахир - 4 - аб. гьум.)**

ВАТIАНАЛЪУЛ ВАСАЛГИ ГЬЕЗУЛ УЛБУЛГИ

# КIиго эбел йиго духъ ралагьун чIун

**КIиго эбел йиго духъ
балагьун чIун
КIиго эбел йиго духъ
балагьун чIун
Макьу тун,
ургъалилъ сардалги
рорчIун
Цояй мун гьавурай,
гIезе гьавурай
Цояй БетIергьанас
сайгъатлъун кьурай.**

**Абула эбелги цо йикIунин, ВатIангицобукIунилан. Амма БетIергьанасул хIалкIолъи кIудияб букIиналъ чиясул кьисмат бокьухъе хисизе рес буго. Гьедин ккана Хунзахъ районалъул Гьамущи росулъа Украинаялда унеб бугеб СВОялъул гIахьалчи МухIумаев МухIамадрасулил кьисматги.**

ВатIан цIунизе, тIаде ккараб кьо борхизе кьватIиве вахъарав мугIрул гIолиласе, кьисматалъ ракIалдаго букIинчIеб кIудияб сайгъат гьабуна.

Гьанже МухIамадрасулил йиго кIиго эбел, цо кIудияб хьизан, гьесухъ урхьун, гьесул ургъалида кIетIолеб кIиго ракI, гьев цIунеян Аллагьасда гьарлолаго цебе ккураб ункъо квер.

ЗахIмалъиялде ккарасе кумек гьабиги, вакьарав-кьечарасе чадил кесек кьейги, унтарасде, херлъаразде зиярат гьабиги нилъер магIарулазул



гIадатлъун бильараб, бидулъ бессараб ишлъун бугелъул, Украинаялда спецоперация байбихьаралдаса нахъе республикаялдаго унел рукIана «Посылка солдату», «Письмо солдату» ва гь.ц. акциял. Гьеб рагь-кьалалъе квербакьи хIукматалде рехун, жидер иш гурилан нилъер халкьалъ течIо. Гьеб рагьда вас, вацгIал гьечIониги, росулъа тIалъиялдасаниги чи камун вукIунарелъул халкьалъул цоцаца кквейги, сахаватчилъиги кIудияб буго.

Гумбет районалъул МелъелтIа росулъа Исубилаева ГIазрацаги битIун букIана Украинаялде посылка. Гьеб посылка щола МухIамадрасулихъеги гьесул рагъулал гьалмагъзабазухъеги.

ВатIаналдасан бачIараб сайгъат кIудияб рохеллъун букIуна гIолилазе. Рокъоб кьадазги кумек гьабулилан аби буго, ВатIаналъул гьитIинаб бутIаялъ кIудияб таваккалги, кьвакIиги, бергьенлъи босизе дагьабги гьираги кьола чиясе.

МухIамадрасулил рекIее кинго пикрабаз хIалхьи толеб букIунаро цIороintroductionаб хасало, кьалул майданалда жидер ракIал хинлъизе, рикIкIад магIарул росулъ, гьасда цIа бакарай магIарулалъул цIар лъазе бокьун. Ахир МухIамадрасулихъе щола ГIазрал телефоналъул номер. МухIамадрасул баркала кьезе кIалъайдал, гIажаибаб йихххахочиги, рохелги пашманлъиги жубараб асар лъугьуна ГIазрае.

Гьелдаса нахъе гьез цоцазулгун бухьен тIезе толаро. ГIицIго ГIазрае гуревги, гьелъул хьизан-лъималазеги, бетIергьанчи Набигулагьиеги кьо бахьарабгIан гIагарлъун, васлъун лъугьуна МухIамадрасул.

МухIамадрасул отпускалъ вачIине мех щвейгун гьесул эбел-инсуца гьоболлъухъ ахIула ГIазраги гьелъул хьизанги. Гьоболлъухъ щведал бертаде кьоги цIан хIадурун ратула МухIамадрасулил гIагарлъи. Жидерго вас тIубай эбел-инсуе кIудияб рохел букIуна, эбелинсуеялда бащадаб рохеллъун лъугьуна гьеб ГIазрал хьизаналъеги.

Бертадаса хадуб жиндирго тIадаб рагъулаб хъулухъ тIубазе тIадвуссун арав МухIамадрасулил хабар лъазе, кIалъазе кватIани рахIат хун ургъалида рукIуна ГIазраги Набигулагьги.

Рагъде тIадвуссиналде цIияй бахIарайгун цадахъ МелъелтIе гьоболлъухъ арав МухIамадрасул жидерго васлъун гьавула гьез.

Нижер редакциялъеги рес щвана телефоналдасанго бугоники ГIазралгун гара-чIвари гьабизе. Гьей ккола Гумбет районалъул руччабазул советалъул председателалъул заместитель, кьварилъи захIмалъиялде ккаразе жиндасан бергьун кумек кIудияб сахаватчIужу, унго-унгояй магIарул чIужугIадан.

Гьаб лъугьа-бахъиналъул хIакъалъулъ цIех-рех гьабидал гьей тамашаго нечон, намуслъун лъугьана, жинца щибго букIунареб, кутакаб рецц-бакьалъе мустахIикъаб ишго гьабичIила, киназго ритIулел рукIарал посылкаби ритIи гурого. Рецц-бакь гьабизе ккола МухIамадрасул гIадал гIаданлъиги, яхIги, иманги бугел васазеги, гьел куцарал эбел-инсуеги.

«Дун йиго гьитIинго эбелинсул гьуинлъи бихьичIого, бесдаллъиялда гIурай гIадан. Дие цIакь бокьуларо дицаго гьабуралъул, кьураб-таралъул бицине. Дица посылка бакIарулаго гIицIго Аллагьасе гIоло нигатги гьабун, дирго вас дова вукIаравани досие хIажат букIинаанилан ккарабщинаб жо лъуна гьелда жаниб, рагьда ругел васазе таваккал цIикIкIине, ВатIаналде рокьи цIикIкIине Ф. ГIалиевалъул «Сыновья, сыновья» абураб кечIги хьван лъуна тIад.

КигIан кIудияб рохел МухIамадрасул нижехъе вачIиндал дир букIарабали, ракIабаздалъун бицун пайда гьечIеб жо буго. Дица гьесул эбел Ажайбикадаги эмен МухIумидаги абуна нужеда ккогейила жинца нужехъа вас вахъулев вугилан, жий йигин цIакь гIадан хирияй, нужгун гIагарлъизе щвеялъ ракI бечелъарай гIаданилан. Дир вас АхIмадгун нижер росу бихьизе арав МухIамадрасул вачIана гIажаиблъун, Гьамущивалдаса цIикIкIун МелъелтIа лъалев ватанин живилан. Дица гIемер бицун, киназдаго лъала дир кIиабилев вас МухIамадрасул вукIинги, гьес хъулухъ гьабулеб ротаялъулго эбеллъун дун лъугьун йикIинги.

Дун цIакь чIухIарай йиго МухIамадрасул гIадав вас, дир гIумрудул нухда, дир васин абун дандчIваялдаса. Гьев вуго гьаб заманаялъул тарав «Герой». Россиялъул Оборонаялъул министерствоялъ дир васасе хасаб рагъулаб операциялда бихьизабураб бахIарчилъиялъухъ кьуна «За боевые отличия» абураб медальги,-ян бицана нижее ГIазраца.

Гьеб гIажаибаб лъугьабахъиналъул хIакъалъулъ дагьабги мухIканлъи лъазе Киналъа Нуцалалъул гьоркьехун кьолел кочIол рагIабазги нужее рекIее асар гьабилилан ккола.

**Х. ГIаммаева,
Хунзахъ район**

## Рагъухъан МухIамадрасулилгун ккараб гьудуллъи

Бокьула нилъее, рагьда ругезе,
РакIал рохизелъун сайгъат битIизе,
РакIал кьваридазе сабабллъун ккезе
ГьитIинабго салам кагътида хьвазе.

БукIана гьадинаб цо лъугьа-бахьин,
Ящикал рукIана рагьде ритIулел,
Иргадулаб нижер Гумбеталдасан
ГIазрацаги лъуна ящикалъуб квен.

Исубилаевалъ хьахIаб кагътида
Хьвана солдатазде урхьараб салам,
ТIинкIулеб магIуялъ биччараб тIамач,
Лъуна ящикалъуб рекъезе гьабун.

Хьвана ГIазраица рагъухъабазде
Жий йигин МелъельтIа росулъа гIадан,
Гумбет районалъул захIматчагIазул
Киназулго бугин нужеде салам

ЦIадулъан, гIазулъан, гьоролъан гирун
Унеб буго салам рагъухъабазде,
ВатIаналъул тIагIам, тIолго гьуинлъи
Украинаялде буго баччулеб.

Гьале рагъухъабаз рагьула ящик,
ТIоцебе батула тIад лъураб кагъат,
Хунзахъ районалъул Гьамущи росдал
МухIамадрасулил кверзукь буго гьеб.

Кверал сороларо, тIуртIудиларо,
БатIияб рохелалъ бала гьесда кьвал,
ГьудулзабаздагиЪ рагIизе гьабун
ЦIалула кагътида хьван бугеб куцалъ.

Ящикалъур ругел тIагIамал рихьун,
Тамахлъула ракIал рагъухъабазул,
Жал ракIалде щварай ГIазра йигилан
ГIумруялъул рохел гьарула гьелъий.

Гьалдалъун лъугIичIо рагъухъанасул,
МухIамадрасулил гIаданлъиялъул,
Кьаси-кьад чIечIого хал гьабуна гьес
МелъельтIаса ГIазрал номер щвезегIан.

Ниж ракIалде щварай, салам битIарай,
Саламатай ГIазрал лъазе бокьана,
Рагъул хIалуциналъ хIал рекъезегIан
Цо дагьаб заманалъ хал гьабун чIана.

Гьасухъ кодоб буго ГIазраил номер,
Бокьун буго гьелъий баркала кьезе,
Ургъулев вуго гьав киндай ахIилеб,
ХIалакун кIетIолеб буго жаниб ракI.

Гьале, санагIатаб заман балагьун
Кьурана телефон гьас магIарухъе,
Гумбет районалъул борхалъиялде,
НигIматал ритIарай дой ГIазраиде.

Дун Гьамущиса вас МухIамадрасул,
Салам кьабул гьабун дуде кIалъалев,
Исубилаева, дуе баркала,
Мун дир кIиабилей эбеллъун ккола!

Украинаялда, боркьараб рагьда,
ВатIаналъул налъи тIубазабулел,
Ниж рагъухъабазул, цо кьокъаялъул
ГIазра, буго дуде нижерги салам!

Гьай йиха-хочана, кверал сорона,
Абизе рагIиго гьечIо батулеб,
БотIролъ пикрабиги данде ракIарун
Мунищ, дир василан калам гьабуна.

Дица батIияб жо щибго гьабичIо,
ЦойгидазгIадинан сайгъат битIана,
Кьваридаб бакIалда ругел нужее
Рохел загьир гьаби мурад букIана.

Гьелдаги лъугIичIо гьазул гьоркьоблъи,
АхIана цоцахъе эбел-инсуца,
Набигулагь, ГIазра, кин ругелилан
Кидаго телефон гаргазабуна.

Гьале, тIаде щвана рохалилаб кьо,
МухIамадрасулил отпускаялъул,
Хех нижехъе щваян хабар бачIана,
Хунзахъ-Гьамущибе сапар бухьана.

Гьав рокъов щварабго бертин гьабизе
ХIадурун ратана тIолго гIагарлъи,
Нижер рохалие гIорхьи букIинчIо
МухIамадрасулил квер бачине щун.

Бертинги тIубана, тIадги руссана,
Щулалъана жеги гьоркьоб гьудуллъи,
ГIамалги берцинав, адаб цIунарав,
Аллагьас цIунайги МухIамадрасул!

Нагагьлъун кIалъазе гьев кватIанани,
Набигулагьица гьабула калам,
Дов нилъер васасул хабар гьечIищан,
Щиб хабарин бугеб рагъул байдабахъ?

ТIинчIай бахIарайги рокъой жийго тун
Ана гьев нахъойги налъи борхизе,
Ниж, кIияйго эбел, гьаримго руго,
Цоцазде ургъелал рикьулел руго.

КIал ккураб замана, хиріял кьоял,
Рагъухъабаздехун кIалъана ГIазра,
Гьаре Аллагьасде кьуват кьейгиян,
«Я ЛЯТИФУ» бачун кьоял риччаян.

ТIолго ротаялъул эбелгIадинан
Малъана ГIазраца Аллагьасул нух,



НасихIатал кьуна, вагIза битIана,
Телефоналдасан бухьен ккун чIана.
Посылкабазулги цIцIад базабуна,
Рекъа-рекъараб жо жанибги сокIкIун,
КIалбиччанкьоялъул кинабго тIагIам
Рагъухъабазе щвей мурад букIана.
Аллагьас рачайги васал рокъоре,
Руссайги улбухъе, хьизаназухъе,
Бергьенлъиги босун нухда рачIунел
Рихьайги нилъеда кьвакIарал цIцIумал!
ИншаАллагь, щвела гьединабги кьо,
МухIамадрасулгун ниж дандчIвалеб кьо,
Гьамущиб росулъе ниж кьокьунеб кьо,
Кьварилъи лъугIараб, бакь гвангъараб кьо!
Ниж ралагьун чIела, хьул кьотIиларо,
ХIукму Аллагьасул, АлхIамдулиллагь,
ДугIаби цIалила, сайгъат битIила,
Сундулъго гьарила БетIергьанасде.

**Нуцалай Килалъа**

СТРАНА ГОР

## Абдулмуслимов: «Владимир Путин благодаря маленькой Раисат вновь показал свое особое отношение к Дагестану»

**Премьер-министр Дагестана Абдулмуслим Абдулмуслимов прокомментировал встречу Президента РФ Владимира Путина с 8-летней Раисат Акиповой из Дербента, сообщается на сайте республиканского Правительства.**



«Хочу поблагодарить Президента России за внимание к нашей землячке. Эмоции Раисат тронули всех, и они, по-своему, отражали искреннее отношение всех дагестанцев к главе государства, к своей стране. И Президент очень тонко это почувствовал, находясь еще в Дербенте. Таков реальный Дагестан, реальное отношение людей – мы вместе с Россией, чувство единства у нас в крови, и все – от мала до велика, знают, как тяжело нам в разные исторические периоды было защищать безопасность границ своей страны от тех, кто всегда был и остается против справедливого миропорядка.

Решение о дополнительной финансовой поддержке развития Дербента – еще одно подтверждение того, что внутренний туризм становится приоритетной отраслью, и очень скоро жители региона увидят положительный результат не только с точки зрения улучшения инфраструктуры, но и от тех доходов, которые будут получены благодаря росту турпотока, улучшению качества услуг. Мы продолжим принимать максимальные усилия к решению всех задач, возложенных на нас Верховным Главнокомандующим»,- отметил Абдулмуслим Абдулмуслимов. Источник:http://www.e-dag.ru/novosti/novosti-pravitelstva/abdulmuslimov-vladimir-putin-blagodarya-malenkoj-raisat-vnov-pokazal-svoe-osoboe-otnoshenie-k-dagestanu.html

**РИО «Гумбет»**

БАРКИ

## Баркула Россиялъул почтаялъул къо

Щибаб соналъул июль моцIалъул кIиабилеб гьатIан кьоялъ кIодо гьабула, щибаб кьоялъ халкъалъул хIажалъаби тIураялда хIалтIулел, почалъул хIалтIухъабазул къо.

Кагътал, журнал-газетал, гIарац бикьи, посылкаби, телеграммаби ритIи ва гIемерал цогидалги хъулухъал жиндир заманалда тIуразе хIаракат бахъулел почалъул хIалтIухъаби, щибаб кьоялъ мустахIикъал руго баркалаялъул рагIабазе.Божула бухьеналъул хъулухъ хадубккунги Бакълъулазул районалда цебетIезе букIиналда. Гьарула почалъул хIалтIухъабазе сахлъи, талихI, рохел, хIалтIулъ церетIеял.




**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер Гъалип Гъалипов**

СТРАНА ГОР

## Минтруд опубликовал проект об увеличении МРОТ

**Министерство труда и социальной защиты представило проект об увеличении минимального размера оплаты труда (МРОТ) до 19 242 рублей.**




Об этом сообщает сетевое издание «Мирмол» со ссылкой на пресс-службу Минтруда РД. Как отмечается, для увеличения минимального размера оплаты труда из бюджетов всех уровней направят 75,9 миллиарда рублей, из внебюджетного сектора — 47,4 миллиарда рублей.

Более подробно ознакомиться с информацией можно, перейдя по ссылке:https://riadagestan.ru/news/society/mintrud_opublikoval_proekt_ob_uvelichenii_mrot/

**РИО «Гумбет»**

СТРАНА ГОР

## Сергей Меликов провёл встречу с Мурадом Ахмедовым

**Глава Дагестана Сергей Меликов провёл встречу с главным редактором объединённой редакции республиканских литературных журналов «Литературный Дагестан» и «Соколёнок» Мурадом Ахмедовым по вопросу увековечивания памяти народного поэта республики Магомеда Ахмедова, чей вклад в развитие дагестанской литературы трудно переоценить.**



Магомед Ахмедович долгие годы был ближайшим соратником и творческим помощником незабвенного Расула Гамзатова, а после ухода из жизни великого поэта – возглавил Союз писателей Дагестана, председателем которого был почти 20 лет. Руководитель региона был одним из первых, кто выразил соболезнования по поводу скоропостижного ухода из жизни главы писательской организации республики, дал высокую оценку его работе и поддержал инициативы, связанные с сохранением памяти о нём.

Говоря о Магомеде Ахмедове глава республики процитировал слова Расула Гамзатова: «Магомед Ахмедов считает меня своим учителем. Я не знаю, насколько он доволен учителем, но учеником я очень доволен», – подчеркнув, что эта оценка из уст мастера слова высочайшего уровня является безусловным признанием заслуг поэта на литературном поприще. Сергей Меликов уже дал ряд соответствующих поручений уполномоченным структурам, чтобы имя поэта было увековечено в названиях улиц, образовательных учреждений и других формах. На встрече также состоялся разговор о ситуации в книгоиздательской отрасли республики и изданных к 100-летию Расула Гамзатова проектах. Мурад Ахмедов подарил Сергею Меликову уже выпущенные в свет журналы, книги и альбомы, отражающие большой жизненный и литературный путь Расула Гамзатова, вековой юбилей которого отмечает ныне вся страна.

**РИО «Гумбет**

СТРАНА ГОР

## Стартовал прием заявок на фотоконкурс к 100-летию Расула Гамзатова

**Каспийский городской краеведческий музей совместно с АНО «Дагестан-Медиа» проводит конкурс фотографий о быте, культуре и традициях Дагестана, приуроченный к 100-летию со дня рождения народного поэта РД Расула Гамзатова, сообщает РИА «Дагестан».**



В творческом состязании могут принять участие профессиональные и непрофессиональные фотографы старше 10 лет, независимо от места проживания. Участники конкурса могут презентовать работы в номинациях: «Мой Дагестан» (ландшафты и архитектура республики), «Мой город» (сельские и городские пейзажи), «Мои дагестанцы» (портреты, жанровое фото), «Мой праздник» (события в городах и сёлах), «Моя история» (работы, отражающие исторические события в период с 1932 года по июнь 2023 года).

**РИО «Гумбет»**

## ЧIикьа МухIамад ХIамидов ва Ингишоса ХIажимурад Гъойтимиров – мисалиял аскариял

**(Байбихьи - 2 - аб. гьум.)**

**2023-абилеб соналъул призывалъул хIалтIи тIокIборчIунги тIубазабуна районалда. Жидерго часталъул гIумрудулъ жигараб гIахьаллъи гьабулеб буго армиялде араз.**



Гьедин, аскариязда гьоркьор тIоритIарал къецазул гиря борхиялъул рахъалъ Башкириялъул чемпионлъун вахъана ЧIикь росулъа МухIамад ХIамидов. Гьединго, армиялда бихьизабураб тIокIлъиялъухъ грамотаялдалъун кIодо гьавуна Ингишо росулъа Гъойтимиров ХIажимурад. Гьарула нахъеккунги церетIеял.

**«Гумбет» РИО**

БетIерав редактор:
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияв секретарь:
Зугьра ГIабдулхIадирова
Корреспондентал:
Хадижат Мазгарова,
Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр IIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1003
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00,
хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.